

**PANGARUH MODÉL PEMBELAJARAN DISCOVERY DIBANTUAN
APLIKASI KUIS KANA KAMAMPUH PAMAHAMAN MATEMATIKA
MURID SD.**

Oleh :

Restu Nabilah

205060088

ABSTRAK

Ieu panalungtikan didasaran ku handapna kamampuh pamahaman matematika siswa SD, hal ieu bisa lumangsung lantaran pangajaran anu kudu dipuseurkeun ka siswa henteu jalan sakumaha sakuduna. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho gambaran prosés palaksanaan pangajaran, naha aya bédana rata-rata kamampuh siswa dina maham matematika, naha aya ngaronjatna kamampuh siswa dina mikanyaho matematika, sabaraha pangaruhna dina ngagunakeun modél pangajaran. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode panalungtikan kuantitatif jeung tipe semi ékspérimén. Sampel dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas IV-A salaku kelas kontrol jeung IV-B kelas ékspérimén anu jumlahna masing-masing 29 urang. Sampel dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik kumpulan sumber data kalawan sababaraha pertimbangan. Instrumén panalungtikan ngagunakeun tés, nya éta ngalaksanakeun pratés jeung pascatés dina wangun soal pilihan ganda jumlahna 14 soal, ogé nontés dina wangun observasi jeung dokuméntasi. Téhnik analisis data anu digunakeun nyaéta uji normalitas, uji homogénitas, uji t, uji N-gain, jeung uji ukuran éfék. Hasil tina ieu panalungtikan nuduhkeun teu aya bédana rata-rata peunteun pretés pikeun kelas kontrol jeung kelas ékspérimén, sedengkeun hasil rata-rata peunteun postés pikeun kelas ékspérimén jeung kelas kontrol miboga rata-rata bédana. Rata-rata kelas ékspérimén nyaéta 82,86 jeung rata-rata peunteun pikeun kelas konvensional nyaéta 77,31. Bisa dicindekkeun yén digunakeunana modél discovery kana kamampuh pamahaman matematik siswa dina ranah kognitif miboga pangaruh, katitén tina hasil uji N-gain anu geus dilaksanakeun, nilai indéks gain nya éta. 0,5187 anu kaasup kana katégori sedeng jeung interprétasi N-gain ngahontal 51,87% asup kana katégori ngaronjatna kamampuh pamahaman matematik anu cukup éféktif. Data séjénna bisa ditingali tina hasil uji ukuran éfék anu dilaksanakeun, nilai uji ukuran éfék ngahontal 0,0604 sarta kaasup kana katégori éfék sedeng. Tina data anu geus dimeunangkeun, modél discovery learning mangaruhan kamampuh pamahaman matematik siswa.

Kecap Pamageuh : Model discovery, kamampuh pamahaman matematika